



Pou Piblikasyon Imedya: 18/08/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL SELEBRE OUVÈTI NOUVO ETABLISMAN 3.3 MILYON DOLA  
BRIDGEHAMPTON CHILD CARE & RECREATIONAL CENTER A NAN LONG  
ISLAND**

*Lajan eta a amelyore sèvis gadri yo, pwogram apre lekòl yo, fòmasyon mendèv la  
ak sistèm sipò familyal konplè yo*

*Konplete angajman Gouvènè a pou l pou elaji opsyon gadri abòdab pou fanmi  
New York yo*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ouvèti nouvo etablisman 3.3 milyon dola Bridgehampton Child Care & Recreational Center a nan vil Southampton, Long Island. Bilding dènye modèl 7,828 pye kare a ki sitiye sou apeprè de ekta edmi tè yo te fè don pou kreye BHCCRC nan kòmansman ane 1950 yo, make yon etap enpòtan nan agrandi sèvis enpòtan yo ak sèvi fanmi travayè ki gen revni ki pi ba yo k ap viv nan East End (Pwent Lès) Long Island. Avèk yon enterè sou gadri ki abòdab, pwogram dete anrichisan, ak aktivite lwazi divèsifye, BHCCRC bay fanmi ak timoun yo otonomi pandan l ap ankouraje devlopman sosyal.

"Nouvo etablisman sa a pral ede elaji aksè a opsyon gadri bon jan kalite ak pwogram edikasyon fanmi nan East End lan ak atravè Long Island yo merite", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Lè nou investi nan etablisman trè modèn sa a, n ap investi nan paran k ap travay epi n ap ba yo sipò yo bezwen pou yo rete nan mendèv la pandan n ap bay timoun yo anrichisman akademik ak swen".

Bridgehampton Child Care & Recreational Center (BHCCRC), yon enstitisyon ki istorikman nwa, ki baze nan kominote a, te yon fa sipò depi plizyè jenerasyon pou timoun ki majinalize nan East End lan ak fanmi k ap travay yo. BHCCRC ofri opsyon orè fleksib, fòmasyon mendèv, pwogram apre lekòl anrichisan, pwogram dete ak pou adolesan, klas preparasyon pou kolèj ak yon gadmanje. Avèk plizyè salklas, yon laboratwa enfòmatic, espas leson patikilye, biwo, twalèt adisyonèl, espas kominotè, ak yon kwizin, nouvo Sant lan pral ankouraje yon anviwònman enklizif ak ankourajan pou aprantisaj, kwasans ak devlopman sosyal. Avèk yon kapasite ogmante, BHCCRC pral kapab sèvi plis timoun ak fanmi, ranfòse kominote East End lè li bay edikasyon esansyèl, anrichisman, gadri ak sipò pou sila yo ki pi bezwen li.

Kòm yon poto mitan nan kominote East End lan, BHCCRC ankouraje byennèt ak kwasans dirab nan rejyon an. Empire State Development ap sipòte nouvo Sant lan avèk yon sibvansyon 300,000 dola, Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal Long Island rekòmande, ki reflekte angajman Eta New York pou ankouraje ekite sosyal ak elaji opòtinite ekonomik pou kominote defavorize yo atravè Eta a.

**Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan, Hope Knight, te deklare,** "Yon ekonomi k ap pwospere makonnen ak yon mendèv ki ekipe avèk opsyon gadri ki aksesib. Nouvo etablisman Bridgehampton Child Care & Recreational Center a pral ranfòse sipò pou fanmi yo ak timoun yo, kontribiyè nan yon ekonomi lokal ki pi solid pandan l ap sipòte dinamis kominote East End lan".

**Prezidan Konsèy Empire State Development lan, Kevin Law, te deklare,** "Lè nou sipòte fanmi k ap travay yo, nou ranfòse kominote nou an ak ekonomi rejyonal nou an. Soti nan anrichi lespri jèn yo rive nan pèmèt paran yo briye nan karyè yo, nouvo etablisman Sant lan pral alimante estrikti sosyal ak potansyèl ekonomik Long Island pou jenerasyon k ap vini yo".

**Ko-prezidan LIREDC la ki se Linda Armysn, Direktè Estrateji ak Maketing nan Bethpage Federal Credit Union, ak Doktè John Nader, Prezidan Farmingdale State College te deklare,** "Se yon onè pou m rejwenn Gouvènè Hochul nan komemore etap enpòtan sa a ki sipòte fanmi k ap travay di nan East End Long Island. Amelyore aksè nan gadri pou timoun yo make yon etap enpòtan nan direksyon pou avansman ekonomik rejyonal la epi li kenbe kle pou ede biznis yo ak kominote a".

**Senatè Eta a, Anthony Palumbo te deklare,** "Nouvo etablisman Bridgehampton Child Care and Recreation Center ap ede asire tout fanmi ak timoun gen aksè a opsyon gadri eksepsyonèl ak abòdab nan East End Long Island epi adrese demann k ap grandi nan rejyon an pou sèvis gadri".

**Manm Asanble Fred W. Thiele, Jr. te deklare,** "Se avèk anpil fyète ak rekonesans ke nou selebre inogirasyon ofisyèl nouvo bilding lan nan Bridgehampton Child Care & Recreational Center (Sant lan). Se yon moman desizif pou Sant lan, yon òganizasyon istorikman nwa, ki baze sou kominote k ap sèvi tout timoun ak fanmi ki majinalize nan East End. Pwogram edikasyon ak anrichisman Sant lan se yon mwayen sekou pou fanmi k ap travay. Envestisman New York nan Sant lan se pa sèlman nan espas fizik la, men se nan lavni kominote nou an tou. Sant lan, ki anrasinen anpil nan istwa nou epi ki gen konpasyon ki alimante li, te ankouraje byennèt timoun ak fanmi East End depi ensandi trajik nan ane 1950 yo ki te ankouraje kreyasyon li. Anba lidèchip eksepsyonèl Direktè Egzekitif Bonnie Michelle Cannon, Sant lan ankouraje yon anviwònman enklizif ki ankouraje kwasans, konesans, ak otonomi, kèlkeswa orijin lan. Ansanm, n ap poze baz pou espwa ak opòtinite ki pral leve jenerasyon k ap vini yo".

**Chèf Egzekitif Konte Suffolk, Steve Bellone, te deklare,** "Etablisman sa a ofri yon opòtinite enkwayab pou fanmi Konte Suffolk avèk orè fleksib, fòmasyon mendèv,

pwogram apre lekòl, ak plis ankò. Mwen vle remèsye Gouvènè Hochul pou angajman li anvé fanmi k ap travay yo ak paske li kreye yon kominote ki pi solid ak pi solidè".

**Sipèvizè Vil Southampton lan, Jay Schneiderman, te deklare,** "Jou a te rive finalman pou ouvri pòt nouvo bilding sant lan epi akeyi tout timoun k ap souri ki pral aprann epi grandi isit la, anndan miray sa yo. Kominote sa a te angaje nan nouvo pwòjè sant aprantisaj sa a paske tout moun konprann ke timoun sa yo reprezante avni nou".

**Lejislatè Konte Suffolk, Bridget Fleming, te deklare,** "Pandan plizyè deseni, Bridgehampton Child Care and Recreation Center te jwe yon wòl enpòtan anpil nan bay gadri ak sèvis edikatif nan kominote nou nan east end (pwent lès) lan, sitou pou moun defavorize ak ki manke resous yo. Avèk ekspansyon enstalasyon yo, Sant lan kapab ogmante kounye a sa li ofri bay kominote a apati pwogram apre lekòl, mizik ak ete rive nan preparasyon pou fakilte ak fòmasyon mendèv. Antanke yon Lejislatè Konte a, mwen fyè dèske Konte Suffolk te jwe yon wòl nan asire Sant lan kontinye travay li pou jenerasyon k ap vini yo epi li rete yon lank nan kominote a. Mwen felisite Sant lan ak anpil patnè ak sipòtè li yo pou bèl siksè sa a".

**Direktè Egzekitif Bridgehampton Child Care & Recreational Center, Bonnie Michelle Cannon, te deklare,** "Nou vle tout moun konnen Sant lan fè plis pase aktivite Gadri ak Lwazi. Nou se yon Sant kominotè ki gen sèvis konplè ki isit la depi 70 ane. Chak elèv jwenn ankedreman pèsònèl ak oryantasyon youn a youn. Nou kreye opòtinite epi ede inifòmize règ jwèt la pou timoun majinalize nou yo ak fanmi yo. Nou fyè dèske nou se yon fanmi".

**Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Long Island Association ak Prezidan Child Care Council of Suffolk, Matt Cohen, te deklare,** "Gadri se yon pwoblèm devlopman ekonomik tou epi konsa kominote biznis la felisite Gouvènè Hochul paske li priyorize ak investi nan gadri. Yon nouvo etablisman modèn nan Bridgehampton pral pèmèt paran yo travay sa ki pral mennen nan pi gwo kwasans ekonomik rejyonal, pandan l ap bay timoun yo yon anviwònman an sekirite ak edikatif pou yo sosyalize ak aprann".

Bridgehampton Child Care & Recreational Center kanpe kòm yon fondasyon enpòtan pou sipòtè fanmi ak timoun ki abite nan East End Long Island. Sipò Eta New York pou òganizasyon tankou Bridgehampton Child Care & Recreational Center enpòtan anpil pou ankouraje ekite ak pwosperite atravè Eta a. Lè l investi nan pwogram edikasyon pou timoun piti ak apre lekòl, patisipasyon mendèv, ak sipò konplè pou fanmi, New York ap poze fondasyon pou leve fanmi k ap travay ki gen revni ki pi ba yo, ankouraje mobilite sosyal, epi ankouraje kominote ki pi solid ak pi solidè.

Achèvman Bridgehampton Child Care & Recreational Center montre tou angajman kontinyèl Gouvènè Hochul pou bay fanmi New York yo bon jan kalite opsyon gadri. Nan kad bidjè ane fiskal 2024 la, Gouvènè a te garanti yon investisman 7 milya dola pou kat ane nan gadri ki enkli 500 milyon dola pou ranfòse mendèv gadri New York atravè pwogram Sibvansyon pou Retansyon Mendèv la ak 4.8 milyon dola pou yon nouvo Pwogram Pilòt Gadri Anplwayè Sipòtè kote anplwayè k ap patisipe yo, eta a, ak

anplwaye yo pral pataje pri gadri a pou timoun yo. Envestisman istorik nan gadri nan bidjè ane fiskal 2024 la te gen ladan tou 1 milyon dola pou kreye yon pwogram navigatè biznis nan tout eta a nan chak nan 10 rejyon Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal (Regional Economic Development Council, REDC) yo pou ede biznis ki enterese yo idantifye opsyon pou sipòte bezwen gadri anplwaye yo. Yo pral itilize finansman an tou pou devlope yon gid pou gadri pou anplwayè yo nan tout eta a. Envestisman Gouvènè a te enkli tou 179 milyon dola nan soulajman taks pou fanmi ki gen timoun ki poko gen kat ane atravè yon ekspansyon Kredi Enpo Empire State.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418